



# Chante Sakima

- ✍ Ursula Nafula
- 🎸 Peris Wachuka
- ♫ ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- 💬 Haitian
- 🔊 Level 3





Sakima te rete kay paran li yo ak yon ti sè ki gen katran. Yo te rete sou tè yon mesye rich. Ti ajoupa yo te nan fon yon ranje pyebwa.



Lè Sakima te gen twa zan, li tonbe malad epi li pèdi je li. Sakima te yon ti gason ki te gen anpil talan.



Sakima te fè anpil bagay ke lòt ti gason sisan pa te kapab fè tankou chita ak sis granmoun nan kominote a enpi pale sou gwo bagay ak yo.




Paran Sakima tap travay kay moun rich sa a. Yo te kite lakay bonè nan maten enpi yo te tounen byen ta nan aswè. Yo te kite Sakima ak ti sè li.




Sakima te renmen chante. Yon jou, manman'l mande li, "Ki kote ou aprann chante sa yo Sakima?"




Sakima reponn li "Yo vin konsa nan tèt mwen, manman. Mwen tande yo nan tèt mwen enpi mwen chante yo."



Sakima te renmen chante pou ti sè li sitou lè li te grangou. Sè li te konn koute lap chante chante li te pi renmen yo. Li te chante bèl ti mòso dous.



Ti sè li te konn siptye'l « chante'l ankò, ankò, ankò, Sakima," Sakima te aksepte enpi chante menm chante ankò, ankò, ankò.




Yon swa, lè paran Sakima tounen lakay yo yo pate pale menm. Sakima santi te gen yon pwoblèm.



“ Manman, papa kisa kap pase » Sakima mande. Yo di Sakima ke pitit gason mesye rich la te disparèt. Mesye an te santi'l sèl ak tris anpil.




Sakima di paran li « Mwen ta ka chante pou li ...petèt kè'l ta kontan ankò. ». Men, paran li di li "Mesye sa a rich. Ou se sèlman yon ti gason avèg ou ye. Èske ou kwè ke chante ou yo kapab ede'l?"




Men, Sakima pa kite sa kraze'l. Ti sè li te dakò avèk li "Chante Sakima fè'm vin pi kalm lè mwen grangou. Yo kapab ede mesye rich sa a tou."



Nan demen, Sakima mande ti sè li pou li mennen'l kay mesye rich la.



Li kanpe anba yon gwo fenèt enpi li kòmanse chante chante mesye a renmen. Tèt mesye an kòmanse parèt tou dousman nan fenèt la.



Travayè yo sispann sa yo tap fè. Yo tap koute bél chante Sakima yo. Men yonn nan yo di « Okenn moun pa ka console boss la. Eske ti gason avèg sa a kwè ke lap console li?»



Lè Sakima fin chante li vire pou'l tounen lakay li. Men, mesye rich la kouri sòti dèyè li, li di li "Tanpri chante ankò."



Menm lè sa a, de mesye tap pote yon moun sou yon kad. Yo te jwenn ti gason an ke moun te kale enpi lage lòt bò wout la.



Mesye rich la te kontan anpil ke li wè ti gason'l lan ankò. Li rekonpanse Sakima pou tèt li te vin konsole li. Li menmen ptit gason li ak Sakima lopital pou yo geri je Sakima.



## Storybooks Haiti

[global-asp.github.io/storybooks-haiti](http://global-asp.github.io/storybooks-haiti)

### Chante Sakima

Written by: Ursula Nafula

Illustrated by: Peris Wachuka

Translated by: ACE Haiti-University of Notre Dame USA

This story originates from the African Storybook ([africanstorybook.org](http://africanstorybook.org)) and is brought to you by [Storybooks Haiti](#) in an effort to provide children's stories in Haiti's many languages.



This work is licensed under a Creative Commons  
[Attribution 4.0 International License](#).